

KIDUNG MANTRA WEDHA*

Sunan Kalijaga adalah wali ke 9 dari wali sanga yang sangat "nJawani" dengan dakwah islam yang santun, asah-asih-asuh jauh dari tindakan radikal. Banyak karya-karya beliau, di antaranya berupa kidung seperti KIDUNG MANTRA WEDHA ini yang sering didendangkan orang tua di waktu malam terutama jika anak-cucunya terkena sakit/anasir jahat.

DANDANGGULA

**ANA KIDUNG RUMEKSA ING WENGI
TEGUH AYU LUPUTA ING LARA
LUPUTA BILAH KABEH
JIM SETAN DATAN PURUN
PANELUHAN TAN ANA WANI
MIWAH PANGGAWA ALA
GUNANING WONG LUPUT
GENI ATEMAHAN TIRTA
MALING ADOH TAN ANA NGARAH MRING MAMI
GUNA DUDUK PAN SIRNA**

**SAKEHING LARA PAN SARNYA BALI
SAKEH NGAMA PAN SAMYA MIRUDA
WELAS ASIH PANDULUNE
SAKEHING BRAJA LUPUT
KADI KAPUK TIBANING WESI
SAKEHING WISA TAWA
SATO GALAK TUTUT
KAYU AENG LEMAH SANGAR
SONGE LANDAK GUWANING MONG LEMAH MIRING
MYANG PAKIPONING MERAK**

**PAGUPAKANING WARAK SAKALIR
NADYAN ARCA MYANG SAGARA ASAT
TEMAHAN RAHAYU KABEH
APAN SARIRA AYU
INGIDERAN KANG WIDODARI
RINEKSA MALAEKAT
SAKATHAHING RASUL
PAN DADI SARIRA TUNGGAL
ATI ADAM UTEKKU BAGINDA ESIS
PANGUCAPKU YA MUSA**

**NAPASKU NABI ISA LINUWIH
NABI YAKUP PAMYARSANINGWANG
YUSUP ING RUPAKU MANGKE
NABI DAWUD SWARAKU
NJENG SULAEMAN KASEKTEN MAMI
NABI IBRAHIM NYAWA
EDRIS ING RAMBUTKU
BAGINDA ALI KULITINGWANG
ABUBAKAR GETIH, DAGING UMAR SINGGIH
BALUNG BAGINDA USMAN**

**SUMSUMINGSUN FATIMAH LINUWIH
SITI AMINAH BAYUNING ANGA
AYUB ING USUSKU MANGKE
NABI NUH ING JEJANTUNG
NABI YUNUS ING OTOT MAMI
NETRAKU YA MUHAMMAD
PANDULUKU RASUL**

**PINAYUNGAN ADAM SYARA'
SAMPUN PEPAK SAKATAHE PARA NABI
DADYA SARIRA TUNGGAL**

*** Ir Djoko Sumarjono, MS. Fakultas Peternakan Undip. Dipetik dari : Tinjauan Ajaran Setia Hati Terate Dari Sudut Pelestarian Budaya oleh Sentot, S. Sarasehan Temu Kadang. Surabaya. 2009.**